

REZISTANS MEDFORD **SANT REZISTANS**

Vil Medford
Jen 2020



Akolad

Se Pwogram Preparasyon pou Vilnerablite Minisipalite a ki nan Massachusetts Biwo Egzekitif Enèji & Zafè Anviwòmantal la ki finanse pwojè sa a.

Nou vle remèsyé Sekretè Kathleen A. Theoharides ki nan Massachusetts Executive Office of Energy & Environmental Affairs ak Gouvènè Charlie Baker pou jan yo te soutni pwogram Municipal Vulnerability Preparedness Program nan.

Nou vle remèsyé MaryAnn O'Connor ki nan Health Department Vil Medford a ak Penelope Funairole ki nan Office of Prevention and Outreach pou jan yo te dirije e ankadre evalyasyon sa a.

Biwo ak òganizasyon ki vin apre yo te kontribye anvè evalyasyon sa a grasa patisipasyon yo nan komite planifikasyon pwojè a atravè pwosesis sa a:

Biwo Vil Medford yo: Health Department, sa gen ladan I Office of Prevention, Office of Community Development; Office of Energy & Environment; Office of Diversity; Office of Veterans Affairs; Police Department

Òganizasyon: Medford Health Matters; Medford Housing Authority

Nou vle remèsyé Health Department Vil Medford a, san gen ladan I Office of Prevention and Outreach, Medford Food Security Taskforce, Medical Reserve Corps, ak volontè ki nan pwogram "R U OK?" a ki te travay di pou yo chèche enfòmasyon pou evalyasyon sa a.

Biwo ak òganizasyon ki vin apre yo te kontribye anvè evalyasyon sa a grasa patisipasyon yo nan Entèyou Òganizasyon yo ak Evalyayson Preparasyon an nan mwa mas 2020 an :

Biwo Vil Medford a: Council on Aging; Department of Recreation

Òganizasyon: Cambridge Health Alliance; Medford Health Matters; Medford Housing Authority; MelroseWakefield Healthcare - Women, Infants and Children (WIC); Mystic Valley Elder Services; Tufts University; Walnut Street Center; Wayside Youth and Family Services; West Medford Community Center

Nou vle remèsyé manm kominote Medford yo pou tan w, istwa w te rakonte yo, ak kontribisyón w yo pandan Konvèsasyon sou Klima ak Rezistans Kominotè nou te fè nan mwa me 2020 an.

Fasilitasyon ak Sipò Prezantasyon: Nou vle remèsyé Carrie Parker, Danuza Aquino, Divya Anand, Elysee Castor, Judah Leblang, Laura Rotolo, Rachelle Charles, Rafael Moure-Eraso, Thaís Marques, ak Thérèse McKinny-Wood ki te bay tan nou pou Konvèsasyon sou Klima ak Rezistans Kominotè yo.

Biwo ak òganizasyon ki vin apre yo te kontribye anvè evalyasyon sa a grasa patisipasyon yo nan ti seri ki rele "Gwo Tab" ki te fèt nan mwa me 2020 an:

Biwo Vil Medford yo: Health Department, sa gen ladan I Office of Prevention and Outreach; Medford Public Schools; Office of Veterans Affairs

Òganizasyon: Alliance for Inclusion and Prevention; Cambridge Health Alliance; Safe Medford; Greater Boston Food Bank; Medford Food Security Taskforce; Medford Housing Authority; MelroseWakefield Healthcare - Women, Infants and Children (WIC); Tufts University; Wayside Youth and Family Services; West Medford Community Center

Fasilitasyon ak Sipò Prezantasyon: Nou vle remèsyé Lisa Tonello, Loretta Tussa, Penelope Funairole, Det. Rory Lockowitz, Taiany Goulart, ak Pastè Wendy Miller- Olapade ki nan Medford Health Matters Board poutèt yo te bay tan yo ak resous yo pou soutni ni Konvèsasyon sou Klima ak Rezistans Kominotè yo, ni diskisyon "Gwo Tab" yo an me 2020.

Ekriven: Andreanne Breton-Carbonneau, Kowòdonatè Klima, Sante, ak Jistik, ak Alexa Griffiths, Elèv k ap fè staj ki soti nan Tufts University

Grafik Dizay: Jess Choi

Konsiltan ki soti nan Kim Lundgren Associates te bay sipò ak direksyon atravè pwosesis sa a, epi se yo menm ki te ekri Tach 3 nan evalyasyon an.

Tradiktè ki nan Baystate Interpreters yo te bay sèvis lang atravè pwosesis sa a.

Lis Sijè yo

3 Rezime

7 Entwodiksyon

Chanjman Klimatik, Sante Piblik, ak Rezistans Kominotè
Sant Rezistans

11 Tach 1 Ki kote | Idantifye Zòn Sèvis yo

Kontwole Sèvis ak Resous Kominotè
Resous ki gen Rapò ak Sasiblite devan Klima ak Kapasite Katye yo genyen
pou yo Adapte yo

17 Tach 2 Ki sa | Chèche Patisipasyon Kominote a & Bati Kolaborasyon

A | Chif & Imaj
Abitan - Evalyasyon Kapasite pou Adapte
Evalyasyon Preparasyon Òganizasyon yo
B| Konvèsasyon & Diskisyon
Abitan - Konvèsasyon ak Kominote a
Entèvyou ak Òganizasyon yo & Diskisyon “Gwo Tab” yo


29 Tach 3 Ki jan | Gade Lokal ki Gendwa Apwopriye

Lokal ki gendwa Apwopriye pou Sant Rezistans
Lis Bagay pou Verifye pou Sant Rezistans
Pwochèn Etap yo

35 Apendis A


36 Lis Mo yo Esplike

rezime




Objektif

Objektif pwojè Rezistans Medford Sant Rezistans lan se evalye kapasite Medford genyen pou l reziste devan dezas klimatik anrapò ak sante publik grasa 3 tach prensipal. Pwojè sa a melanje rezistans kominotè ak preparasyon lè l fasilité adaptasyon pa mwayen efò abitan, òganizasyon lokal, ak gouvènman lokal yo fè ansanm. Pwojè sa a mete prensip jistis sosyal, tankou **jistis pou tout ras ak swen sante ki fèt yon fason ki jis**, nan premyye plas la pou soutni sante ak byennèt tout abitan Medford yo.




Tach 1 Ki kote

Identifye zòn sèvis ki gen priorite pou premye Sant Rezistans yo, sou baz resous kominotè yo, sansiblite devan chanjman klimatik, ak kapasite pou adapte.



Tach 2 Ki sa

- A) Evalye kapasite abitan ki vilnerab yo genyen pou yo adapte yo epi chèche konnen si founisè nan kominité a pare pou dezas klimatik.
- B) Koute abitan yo pandan yo esplike ki enkyetid yo genyen nan domèn rezistans lan, yon fason pou amplifye vwa abitan ki sibi enjistis sosyal yo. Pale ak founisè yo pou konprann ki pwogram rezistans ki pral soutni moun nan zòn nan.



Tach 3 Ki jan

Eksplore kiyès nan zòn sèvis yo te idantifye yo ki gendwa adopte pwogram rezistans, ranpli kritè yo pou Sant Rezistans yo, e aksepte rekòmandasyon pou fasilité rezistans kominotè ki jis.

Tach 1 Ki kote

Yo te klase resous kominotè Medford yo pa katye pou detèmine ki zòn ki manke sèvis kominotè. Yo te konpare enfòmasyon sa a avèk zòn nan Medrod ki **vilnerab nan domèn fizik e sosyal**.

- Yo te bay priyrite ak zòn ak gwooup kominotè ki konn manke resous deja, sa gen ladan I zòn kote abitan yo gen mwens revni, ki gen koulè, e ki gen imigran ki pale lang ki pa anglè.
- Yo te idantifye Katye 1-1 (Glenwood), 5-1 ak 5-2 (South Medford), ak 7-2, (Wellington) kòm zòn ki gendwa pi apwopriye pou yon Sant Rezistans.

Tach 2 Ki sa

A) Chif & Imaj

Kapasite Moun genyen pou yo Adapte yo

Vil Medford a te tabli pwogram "R U OK?" a pou abòde bezwen abitan yo genyen pandan pandemi COVID-19 la; li te fè vil la konnen ki kapasite abitan yo genyen pou yo adapte yo. Fòmilè "Demann Sèvis Abitan" an te evalye ki sèvis abitan yo bezwen pandan ijans sa a.

- Pifò demann te pou manje (47.0%) oubyen medikaman ak bagay pèsonèl (32.8%), sa ki aksantye enpòtans pou yo amelyore sistèm manje ak sante lokal yo.
- Pifò nan demann yo, se yon anplwaye vil la (302%) oubyen yon volontè "R U OK?" (32.7%) ki te remèt yo pou moun nan zòn nan, sa ki ta endike anpil abitan ki pa gen yon lyen ak anplwaye ak pwogram vil yo gendwa pa konnen ki resous ki disponib.
- Pifò moun yo te rele yo te fè konnen yo te resevwa sipò nan men fanmi yo (77%) oubyen zanmi yo ak vwazen yo (32%).
- Prensipal fason moun te rete enfòme ak nouvèl sou COVID-19 ak ki resous ki disponib se te nouvèl yo piblikye (43%) ak lendilòt (20%).

- Ransèyman ki endike pèsonaj Medford yo te aksede sèvis esansyèl yo grasa sipò fanmi, zanmi, ak vwazen (49%) oswa yo menm pèsonèlman (37%) endike enpòtans pou moun ede lòt moun.

Evalyasyon sou Preparasyon Òganizasyon

Pou anpil founisè sèvis lokal, chanjman klimatik ak preparasyon pou chanjman klimatik pa fè pati **prensip** òganizasyon yo, paske kesyon sa a pokò yon bagay **lidè yo "vize"**.

- Gen **demach** pou pwoteje sèvis yo pandan ijans grasa Plan Preparsyon pou Ijans.
- Alafen, tann gouvèman lokal yo pou yo bay **politik ak Iwa** sou preparasyon pou klima ak ijans pou zòn nan.

Tout founisè yo te santi moun nan zòn yo fè òganizasyon yo **konfyans** lè gen ijans, yo itilize plizyè fason pou yo ka **kominike ak kominote** a.

- Byen konprann **espas**, ni andwa fizik kote yo bay sèvis yo, ni kote yo poste enfomasyon sou sèvis yo bay yo.

B) Konvèsasyon & Diskisyon

Konvèsasyon ak Moun nan Kominote a

Patisipan yo te di yo santi yo an sekirite nan espas yo konnen kote gen moun ki gen menm enterè ak prensip avè yo.

- Tout moun santi yo pi alèz nan andwa publik lè gen yon varyete diferan kalite moun toutbon.
- Patisipan ayisyen yo te note **rasis se yon gwo baryè** ki fè yo pa santi yo jwenn soutyen, akoz “fè sanblan”, inisyativ ki pou “anglè sèlman”, “pa wè koulè”, ak etadespri jeneral moun genyen anvè ayisyen.

Patisipan yo te site **baryè pou komunikasyon** kòm yon rezon yo pa pare e pa santi kominote a soutni yo.

- Kèk moun te di se sèl Lameri yo konnen yo ka jwenn enfòmasyon lokal.
- Patisipan ki pale lang ki pa anglè yo te di yo gen gwo difikilte pou yo jwenn enfòmasyon nan Lameri paske manke sipò pou lang.

Pwogram rezistans patisipan yo te vle yo te santre sou fasilité relasyon ki baze sou konfyans e fasilité enfòmasyon ak resous ki aksesib.

Entèvyou ak Òganizasyon & Konvèsasyon “Gwo Tab”

Konvèsasyon sou **konstwi relasyon ki baze sou konfyans** te fokis sou angajman anvè komiikasyon ak chanje fason yo kontakte moun.

- Devlope politik ki fasilité yo aksepte tout kalite moun e ki kont rasis.

Enkyetid òganizasyon genyen **sou efè chanjman klimatik** genyen yo santre sou jistis ak aksè sosyal, yo aksantye bonjan kolaborasyon ant founisè ak Lameri pou pi byen soutni abitan yo anvan, pandan, e apre dezas.

Pwogram rezistans moun vle fokis sou elaji sèvis publik, tankou transpò publik ak lojman ki pa twò chè.

- Sèvis ak sipò pou lang.
- Aktivite pou moun tout laj ak tout kapasite nan pak publik ak espas ki ouvè.
- Pwogram byennèt, pwogram edikasyon, ak pwogram preparasyon pou ijans.

Òganizasyon yo te pataje yon **plan pou yon Sant Rezistans** ki santre sou 4 tèm:

1. Lyen sosyal, antanke yon sant pou plizyè kalite rasanbleman pou diferan kalite gwoup moun.
2. Angajman kominotè, antanke yon sant pou òganize kominote a e soutni politik ki santre sou kominote a.
3. Aksè ak enfòmasyon, antanke yon sant kominikasyon santral ki pataje enfòmasyon sou resous lokal.
4. Repons kolaboratif, antanke yon okazyon pou entegre efò moun fè nan zòn nan pou soutni rezistans kominotè.

Tach 3 | Ki jan

Sant Rezistans yo fyab, moun itilize yo regilyèman, e yo aksesib. Yo te site etablisman komèsyal (ki pa endistriyèl) ki gen 5,000 pye kare oubyen plis avèk fonksyonalite yo.

- Yo te rafine lis la pou l gen sèlman andwa ki ka ranpli toule 5 kritè yo pou yon Sant Rezistans ideyal (pi ba).
 - Yo te konpare yo avèk zòn ki gen priyорite yo ak katye jistis anviwònmantal (EJ) yo.
 - Premye analiz: yo te idantifye yon sèl etablisman (Legliz St. Clement) kòm yon espas priyорite, byenke l pa nan yon katye EJ.
- Pwogram:** ofri yon varyete diferan sèvis ki fasilité byennèt ak preparasyon kominote a. Detèmine pwogram yo sou baz sa k enterese kominote a.
 - Strikti:** soutni aktivite ak ka ijans pandan tout ane a. Fòk andwa a an bòn eta, fò l pa nan yon zòn ki konn inonde, e fò l gen enstalasyon kizin pou bay manje anvan, pandan, e apre ijans.
 - Kouran:** asire gen yon sistèm kouran rezèv pou lè gen blakawout. Sistèm kouran rezèv la dwe ekonomik e apwopriye.
 - Kominikasyon:** asire sistèm kominikasyon yo fonksyone ni anndan ni andeyò zòn yo sèvi a, sitou pandan e apre dezas.
 - Jesyon:** asire gen yon pèsonèl ak pwosesis ki apwopriye ki anplas pou jere etablisman an anvan, pandan, e apre ijans.

Pwochèn Etap yo

Malgre moun yo entere se ak Sant Rezistans yo, li klè fòk pwochèn etap yo poze yon baz konfyans ant kominote a ak Lameri a lè yo chèche enplike tout kalite moun e vil la devwe pou l fè pratik **kont rasis**. Plis planifikasyon nesesè pou òganize kowòdonasyon Sant Rezistans, kominikasyon, ak fonksyonman.

- Envèsti nan angajman kominote a lè yo anplwaye yon ekip òganizatè lokal ki gen koulè, ki déjà byen anrasinen nan kominote yo, pou yo lanse yon Ekip Rezistans Kominotè ki pral enplike nan kreye politik rezistans.
- Devlope yon alyans ki gen founisè nan kominote a anndan Ekip la pou kreye pwosesis ki amelyore kolaborasyon ak kominikasyon e ki kreye yon sistèm pataj espas pou pataje sèvis yo.
- Enplike chèf ak depatman vil yo lè y ap kowòdone sèvis vil la ofri ak lè y ap fasilité rezistans kominotè ki jis, sa ki mande angajman anvè politik kont rasis.



entwodiksyon

Popilasyon Vil Medord¹ a se 57,771 abitan. Revni fanmi yo an mwayèn se \$92,363. Malgre mwayèn revni an te fè yon akwasman 18.6% ant 2014 ak 2018, to povrete a te rete stab ant 9 ak 10%. An 2018, men ki kalite ras ki te konpoze Medford: 75.0% blan, 10.6% azyatik, 9.4% nwa, e 5.3% espanyòl/latino. Sepandan, to povrete a te 8.3% blan, 16.3% azyatik, 8.0% nwa, e 17.4% espanyòl/latino. 21.4% abitan Medford yo te fèt nan yon lòt peyi e 28.6% te pale yon lang ki pa anglè kòm premye lang yo.

Revni pou Viv MIT te kalkile a pou 2017 montre yon fanmi ki gen 4 moun ki gen 2 adilt k ap travay aplentan dwe fè \$76,784 antou chak ane pou yo ka gen lajan yo bezwen pou yo peye bagay de baz yo bezwen pou yo viv nan Middlesex County. Malerèzman, 31.6% fanmi Medford ki te gen yon revni ki mwens pase \$75,000 an 2018 pa t ka atenn “revni pou viv” sa a.







¹ Resansman Etazini 2014-2018 Sondaj Kominote Amerkien, Sondaj 5 an

Chanjman Klimatik, Sante Piblik, ak Rezistans Kominotè

Byenke nou byen konprann menas fizik chanjman klimatik pote yo, moun pale mwens sou ki jan move tan afekte sante piblik la, jan n ka wè sa pi ba a.

Pou w jwenn tradiksyon videyo yo, gade paj YouTube sa a.

Gwo Chalè   sechrès → sistèm manje ki epize, sa ki riske fè ensekirite alimatè pi mal; mwens dlo dipsonib, plis demann pou dlo	Anpil Lapli/Nèj   sistèm drenaj debòde → gwo risk pou dlo kontamine
 "zile chalè" nan vil → plis risk pou maladi ki gen rapò ak chalè tankou stwòk chalè	 inondasyon → dlo ki dòmi kreye kote pou maregwen peple e yo ka pote maladi
Tanpèt   domaj pou enfrastrikti, transpò limite → moun blese, ekonomi zòn nan pran baf, sistèm sante a sichaje, plis chans pou maladi gaye paske pakèt moun abite ansanm	Lòt   Chanjman klimatik ak polisyon ka lakòz plis bagay nan lè ki stimile aleji, ki ka lakòz oubyen agrave maladi respiratwa tankou asm ak COPD (Maladi Poumon Bloke Kwonik) Ijans ka afekte sante mantal tou

Lejann

 Efè Fizik

 Efè sou Sante Piblik la

Byenke COVID-19 prezante yon lòt kalite menas, efè l gen sou sante ak byennèt sanble ak efè move tan genyen, sitou paske l epize sistèm sante a e l afebli ekonomi an. Toude plis afekte gwoup moun ki vilnerab yo, sa ki souliye inekite sosyete a.

Rezistans klimatik se yon kesyon **jistics anviwònmantal**, paske moun ki rete, travay, e jwe nan anviwònman Amerik ki pi polye e pi sansib ak klima a, jeneralman se moun ki gen yon revni fèb ak moun ki gen koulè. **Rezistans kominotè** se yon sistèm ki fèt pou l ede abitan yo goumen kont inekite ki gen nan strikti sosyete a, yon fason pou diminye jan yo vilnerab lè gen dezas e pou amelyore kapasite abitan yo genyen pou yo adapte yo lè gen ijans, sa ki pral alafen facilite sante ak byennèt tout abitan Medford yo.

MO KLE YO



Sous Imaj la: Robert Wood Johnson Foundation

Rezistans Kominotè

li fokis sou 3 prensip: koneksyon; enplikasyon, ak adaptasyon.

- 1. Lyen** vle di konstwi relasyon ki baze sou konfyans antre abitan yo, òganizasyon yo, ak gouvènman an.
- 2. Enplikasyon** vle di enplike abitan ki pi siseptib devan efè desizyon yo pran yo.
- 3. Adaptasyon** ankouraje kominote a gen tèt ansanm pou yo ka pare pou, sipòte, e rekipere lè gen ijans alavni.

Ekite

bay jistics priyorite ansanm ak aksyon ki diminye risk yo pou kominote k ap fè fas ak diferans ak enjistik sosyal, ekonomik, politik, e anviwònmantal, e ki gen mwens resous k ap pèmèt yo adapte yo ak kondisyon k ap chanje.

Jistics Anviwònmantal

li gen ladan l rasis anviwònmantal, patipri sou baz klas sosyal, ak pwoteje anviwònman an, nan yon sèl kad, yon fason pou egzije jistics sosyal, toutpandan n ap chèche elimine domaj anviwònman an sibi



Yon Sant Rezistans Ideyal. Sous Imaj la: <http://resilience-hub.org/hubs-in-action/>

Sant Rezistans


Sant Rezistans Medford yo pral konstwi yon espas pou tout abitan Medford yo ki pi jis e ki plis aksepte tout kalite moun, avèk objektif opoze ak inekite ki gen nan sosyete a.

Objektif nou alalong se devlope Sant Rezistans nan Medford, ki se sant kominotè siperyè, ki soutni abitan yo, ki kowòdone kominikasyon, ki distribye resous, e ki diminye polisyon kabòn, toutpandan yo amelyore kalite lavi moun. Sant Rezistans yo se yon ide Urban Sustainability Directors Network (USDN) vini avè I ki fèt pou bay kominote yo pouvwa e ogmante kapasite kominote yo genyen pou yo prepare yo, reyaji, e rekipere lè gen chanjman klimatik ak lòt ijans.

Sant Rezistans bay nou okazyon pou n travay nan “kafou” ant rezistans kominotè, jesyon ijans, diminye efè chanjman klimatik, ak ekite sosyal. Sant Rezistans yo fonksyone prensipalman kòm espas ki gen plizyè itilite ki gen yon varyete diferan pwogram ki konstwi relasyon, ki pèmèt kominote a pare, e ki amelyore rezistans sante ak byennèt moun. Nan ka ijans, espas sa yo gendwa sèvi kòm sant kominikasyon, sant distribisyon, ak abri nan ka ijans ki nesesè tou pou n rekipere apre yon ijans.

tach ki kote

IDANTIFYE ZÒN SÈVIS YO



Kontwole Sèvis ak Resous Kominotè

Byenke Medford swete I pral gen Sant Rezistans nan chak katye, fòk pwojè sa a idantifye zòn sèvis ki priyore pou premye Sant Rezistans yo. Piske Sant yo fonksyone yon fason pou yo sèvi kominote a, nou plis bezwen yo nan zòn ki manke sèvis.

Yo te kontwole resous kominotè ki nan Medford yo pou chak katye pou ede n detèmine ki zòn jeyografik ki manke sèvis.


- Yo te konpare enfòmasyon sa a avèk zòn yo konnen ki **vilnerab nan domèn fizik e sosyal yo**.
- Yo te bay zòn oswa gwoup moun ki konn manke resous deja yo priyore, sa gen ladan I zòn ki gen mwens revni, gwoup moun ki gen koulè, ak imigran ki pale lang ki pa anglè.

MO KLE YO

Vilnerab - souvan yo di gen 3 dimansyon ladan I:


Ekspoze

jis nan ki pwen yon moun toupre danje a



Sansib

kondisyon sosyal, ekonomik, e politik ki te la deja ki afekte aksè yon moun/gwoup moun gen ak resous oubyen jan I ekspoze devan danje



Kapasite pou Adapte

kapasite pou soti devan danje a, pou fè ajisteman lè gen chanjman, oswa pou rebati apre kataswòf



Vilnerab Fizikman

gen rapò ak nan ki pwen yon moun/gwoup moun ekspoze ak yon danje (pa egzanp, zòn ki inonde ak katye ki fè pi cho pase lòt zòn)

Vilnerab nan Domèn Sosyal

gen rapò ak endikasyon sosyal, tankou demografik, ras/gwoup etnik, ak resous finansye.



Yo pran I nan Metropolitan Area Planning Council, Climate Vulnerability in Greater Boston, MetroCommon x 2050

Yo te kreye yon lis founisè grasa òganizasyon ki jere ijans nan zòn nan².

- Adrès ak kowòdone latitud ak lonjitud founisè yo grasa yon kat GIS (Sistèm Enfòmasyon Jeyografik).
- Yo te mete chak kategori founisè sou yon kat de baz ki gen katye yo ak **Kominote Jistics Anviwònmantal** yo (Imaj 1.1).
- Yo te endike nan ki pwen yo vilnerab devan klima a grasa **Evalyasyon Vilnerablite devan Chanjman Klimatik** Medford a ki te fèt an 2019; MA Bureau of Environmental Health Climate Change Vulnerability Map; Trust for Public Lak Kat Priyorite pou Vil ki Byen Jere Klima (Imaj 1.2).

MO KLE YO

Kominote Jistics Anviwònmantal


Nan Massachusetts, yo idantife yon kominote konsa si nepòt nan deklarasyon sa yo aplikab:

- Zòn kote revni fanmi yo chak ane an mwayèn $\leq 65\%$ mwayèn nan pou eta a.
- $\geq 25\%$ oubyen plis abitan yo se yon ras ki pa blan
- $\geq 25\%$ fanmi yo pa gen yon moun ki gen 14 an oubyen plis ki pale anglè trè byen = yo rele sa "Izolman Anglè"

Evalyasyon Vilnerablite devan Chanjman Klimatik

transmèt enfòmasyon syantifik ki disponib pou dekri nan ki pwen resous kle yo, ekosistèm yo, oswa lòt aspè afekte akoz chanjman klimatik oswa chanjman klimatik ki gendwa fèt alavni

Imaj 1.2 Kat Priyorite pou Vil ki Byen Jere Klima



LEJANN

Nivo Priyorite


■	Trè Wo
■	Wo
■	Mwayèn

Kat la konbine done sou vilnerablite nan domèn deplasman, chalè, si tè a bwè dlo, inondasyon, vilnerablite sosyal, ak enfrastrikti ki esansyèl.

Yo pran I nan Trust for Public Land, Climate- Smart Cities Boston Metro Mayors Region, 2017.

²2015 Lis Repons Ijans Medford; 2017 Jesyon Ijans Konplè Medford

Figure 1.1 Kat Sèvis ak Resous Kominotè



LEJANN

Sèvis ak Resous Kominotè


- Swen Sante ki pa twò chè
- Mass Health
- Lojman ki pa twò chè
- Sipèmache
- Manje
- Resous Kominotè

Kritè Jistis Anviwònmantal

- Minorite
- Revni
- Minorite + Revni
- Minorite + Izolman Anglè

2000 1000 0 2000 pye

Imaj 1.3 Tablo ki evalye sèvis Medford yo pa katye, pandan i konpare yo avèk vilnerabilite devan klima



LEJANN

Sèvis ak Resous Kominotè

- Swen Sante ki pa twò chè
- Mass Health
- Lojman ki pa twò chè
- Sipèmache
- Manje
- Resous Kominotè

Kritè Jistik Anviwònmantal

- Minorite
- Revni
- Minorite + Revni
- Minorite + Izolman Anglè

*Kominote ki gen mwens
kapasite pou yo adapte yo*

Vilnerab ak Chanjman Klimatik

- Sansib
- Pi Sansib Toujou
- Kominote ki pi sansib yo*

Resous ki gen Rapò ak Sasiblite devan Klima ak Kapasite Katye yo genyen pou yo Adapte yo

Anvan sa yo te idantifye katye **8-1 (Medford Square)** kòm trè sansib devan efè klima a e kantite abitan ki te manke kapasite pou yo adapte yo te pi wo pase mwayèn nan paske yo te gen revni ki fèb ak moun ki gen koulè yo te sibi inekite. Sepandan, Medford Square gen pi wo kantite resous nan vil la tou, sa ki ta endike, si n senpleman ajoute plis resous nan Medford Square, sa gendwa pa benefisyé katye ki toutotou l ki deja gen difikilte pou yo jwenn resous nan Medford.

Pakont, katye **2-1 and 2-2 (Fulton Heights/North Medford), 3-1 (Lawrence Estates), ak 4-1 ak 4-2 (Tufts)** gen yon kantite resous kominotè ki varey, men yo pa t deja idantifye yo kòm katye ki sansib anpil devan klima a ni yo pa gen anpil abitan ki manke kapasite pou yo adapte yo. Byenke katye **6-1 (nan West Medford)** te pi sansib pase mwayèn nan devan chanjman klimatik epi l te gen kominote moun nwa, katye vwazen yo **3-1 ak 6-2 (nan West Medford tou)** pa t sansib devan klima a e yo te gen plis resous kominotè pase mwayèn nan (6-2). Kidonk, West Medford angwo gen potansyalite pou l ede kapasite zòn nan genyen pou l adapte l.

Zòn Sèvis ki gen Priyorite

Yo te idantifye katye **1-1 (Glenwood), 5-1 ak 5-2 (South Medford), ak 7-2 (Wellington)** kòm pi bon kandida pou yo mete Sant Rezistans ladan yo sou baz yo manke resous e yo te deja idantifye yo kòm zòn ki pi sansib devan chanjman klimatik. Epi, katye sa yo gen ladan yo yon gwo kantite abitan ki gen mwens kapasite pou yo adapte yo akoz revni fèb e moun ki gen koulè yo sibi inekite. san wete imigran ki pale lang ki pa anglè.

tach ki sa

CHÈCHE PATISIPASYON
KOMINOTE A EPI BATI
KOLABORASYON

2





Abitan

Evalyasyon Kapasite pou Adapte

Endikasyon kapasite pou adapte gen ladan I: aksè ak enfòmasyon, rezo sosyal, ak deplasman; resous finansye; ras/gwoup etnik; ak demografik sou lojman.

Pandemi COVID-19 la te bay preparasyon nou pou ijans gwo defi, ni globalman, ni nan zòn pa nou. An mas 2020, Vil Medford a te rapidman tabli pwogram "R U OK?" a pou konakte pèsonaj, piske yo pi vilnerab devan viris la.

- Yo te fè yon lis 11,000 pèsonaj Medford grasa rejis votè vil la.
- Pwogram nan te pibliye yon fòmilè "Demann Sèvis pou Abitan" e yo te fè piblisite pou li sou sit wèb ak rezo sosyal Vil la. Se te pou resevwa demann nenpòt abitan Medford fè, kèlkeswa laj li oubyen stati li antanke votè.
- Men kiyès ki te fè piblisite pou li: Medford Public Schools, Medford Family Network, Medford Food Security Taskforce, YMCA-Mystic Community Market, West Medford Community Center, ak Medford Health Matters.
- Apèl chak semèn se yon sèvis opsyonèl pèsonaj ka mande si yo nan lis rejis vòt la ak fòmilè "Demann Sèvis pou Abitan" an.


Pwogram "R U OK?" a te ofri yon okazyon espesyal pou evalye kapasite moun yo genyen pou yo adapte yo pandan yon ijans. Yo te evalye kapasite pou adapte grasa yon

konbinezon differan bezwen moun te fè demann pou yo ak moun ki te reponn kesyon lè yo te rele yo.

Done yo te rapòte yo pa anglobe bezwen tout abitan Medford yo.

- Anpil nan moun ki te itilize "R U OK?" se te pèsonaj ki gen plis pase 60 an ki konn vote.
- Apati mwa jen 2020 an, gen anpil apèl yo potko fè pou pèsonaj ki nan zòn priorite yo te idantifye nan Tach 1 an.
- Yo pa t pibliye fòmilè "Demann Sèvis pou Abitan" an jiska mwa avril 2020 an e yo toujou ap fè piblisite pou li.

Imaj 2.1 Ransèyman sou Moun ki nan Bezwen




Malgre limit sa yo, ransèyman nou te analize sou abitan yo enpòtan pou n idantifye sèvis popilasyon ki vilnerab devan klima yo bezwen e pou n konprann fason Medford ka soutni abitan yo.

Bezwen moun yo genyen pandan yon ijans


Demann moun te fè yo te montre moun gen bezwen nan domèn manje; medikama ak atik pèsonèl; rekiperasyon apre yo te konn pran dwòg; bêt domestik; sipò pou izòlman sosyal. Epitou, fòmilè a te pèmèt moun yo fè nenpòt lòt demann yo pa t ofri dirèkteman nan fòmilè a. Apati jen 2020, yo te depoze plis pase 300 demann pou sèvis bay Vil Medford a.

Imaj 2.2 Kalite Sèvis yo Mande nan Fòmilè “Demann Sèvis pou Abitan” an



Majorite demann yo te pou manje (47%), epi te gen kèk demann pou medikaman ak bagay pèsonèl (33%) ak sipò pou izòlman sosyal grasa apèl (17%). Gwo bezwen ki te gen pou manje ak medikaman aksantye enpòtans pou n amelyore sistèm manje ak sante lokal yo.

Imaj 2.3 Moun ki te depoze Fòmilè “Demann Sèvis pou Abitan” an



Pifò demann yo, se swa yon manm pèsonèl vil la (30%) oswa yon volontè “R U OK?” (33%) ki te depoze yo pou yon moun. Anpil moun te depoze demann nan pou pwòp tèt yo (16%) oswa pa mwayen yon founisè sèvis ki travay avè yo (10%). Fason sa yo moun yo fè demann endike anpil moun ki pa gen yon lyen avèk pèsonèl vil la oswa yon founisè gendwa pa konnen ki resous ki disponib.

Moun yo te gen enkyetid tou konsènan lyen sosyal, aksè ak enfòmasyon, avèk aksè ak resous; tout sa yo gen rapò dirèk ak kapasite pou adapte.



Lyen Sosyal

Moun te fè konnen yo santi yo izole e poukont yo. Gen kèk moun k ap viv poukont yo oswa ki vwazen ak pèsonaj k ap viv poukont yo ki te di yo manke sipò bò kote yo.



Aksè ak Enfòmasyon

Anpil moun te mande ki jan pou yo fè demann byenfè publik, tankou MassHealth, SNAP, ak sipò finansye. Epi, moun yo te poze kesyon sou COVID-19, sa gen ladan I kòman y ap ouvri peyi a ankò ak ki kote yo ka fè egzamen.



Aksè ak Resous

Avèk anpil demann pou sèvis manje, kèk moun te fè konnen stati SNAP yo, men yo te nan konfizyon sou byenfè yo padan COVID-19. Gen plizyè moun ki te di yo bezwen sèvis transpò pou yo al achte manje e tounen lakay yo. Gen moun ki te di yo bezwen plis sèvis publik (tankou asistans pou lwaye ak bil). Epitou, anpil moun te bezwen ekipman pwoteksyon pèsonèl ak tèmomèt.

Soutni kapasite moun genyen pou yo adapte yo

Kesyon yo te poze lè yo te rele moun yo te santre tou sou kapasite pou adapte, tankou lyen sosyal, aksè ak enfòmasyon, avèk aksè ak resous.



Lyen Sosyal

Gen 360 moun yo te rele ki nan lis "R U OK?" a ki pa t enterese nan sèvis pou abitan e ki te di yo jwenn sipò nan men manm fanmi yo (Apendis A). Menm jan an tou, majorite moun "R U OK?" te rele yo te di yo resevwa sipò nan men fanmi yo (77%) ak zanmi oswa vwazen yo (23%) (Apendis A).


- Kèk moun te apiye sou gwoup kominotè ak òganizasyon pou yo jwenn enfomasyon ak sipò, sa gen ladan I Safe Medford, UU Church of Medford a, Medford Housing Authority, Medford Senior Center, ak Mystic Valley Elder Services.



Aksè ak Enfòmasyon

- Nouvèl yo pibliye (43%) ak lendilòt (20%) se te prensipal kanal moun yo te rele yo te jwenn nouvèl ak mizajou sou COID-19 ak ki resous ki disponib.
- Kèk moun te di yo konte sou sit wèb gouvènman yo (12%) ak medya enprime (10%).

Piske echantyon sa a reprezante sitou pèsonaj, rezulta sa yo endike gen bezwen diferan sistèm medya pou n ka touche moun ki konn itilize diferan kalite teknoloji. (Tablo 2.1)



Aksè ak Resous

Majorite moun yo te rele yo aksede sèvis esansyèl swa pa mwayer sipò fanmi, zanmi, ak vwazen (40%), oswa yo menm pèsonèlman (37%). Ansanm, rezulta sa yo montre enpòtans pou youn pale ak lòt pou n ka pataje enfòmasyon ak resous loakl. (Tablo 2.2)

Tablo 2.1

- Ki jan abitan yo jwenn enfòmasyon sou COID-19 (enfòmasyon ijans)?*
- Ki jan abitan yo jwenn enfòmasyon sou resous?*

Sous Enfòmasyon	1. Pousantaj (%)	2. Pousantaj (%)
Nouvèl yo Difize	43	33
Lendilòt (Zanmi, Fanmi, Vwazen)	20	33
Sit Wèb Gouvènman (CDC, Leta, Vil)	12	15
Jounal	10	6
Òganizasyon nan Kominote a	6	6
Rezo Sosyal	6	6
Jounal (anliy)	3	1

Tablo 2.2 Ki jan abitan yo aksede sèvis esansyèl yo?

Sous ki Pèmèt yo Jwenn Sèvis	Pousantaj (%)
Sipò nan men fanmi, zanmi, oswa vwazen (livrezon/anliy)	49
Endependan (fasafas)	37
Endependan (anliy)	9
Sipò nan men òganizasyon nan kominote a (livrezon/anliy)	5



Evalyasyon

Preparasyon Òganizasyon yo

Evalyasyon sa a sou preparasyon se yon premye evalyasyon differan founisè sou si yo pare ak kapasite rezistans yo, sa ki ede n konprann nan ki domèn òganizasyon yo jije yo plizoumwen pare. Evalyasyon sa a te fèt tou pou l fè n konnen ki kote vil la ka pi byen soutni òganizasyon yo pou yo pi byen pare.

- Nou te kontakte plis pase 25 founisè lokal pou patisipe nan entèvyou; gen 11 òganizasyon ki te pran yon randevou avè nou.
- Tout òganizasyon nou te entèvyouwe yo travay avèk omwen yon gwooup ki vilnerab devan klima a.
- Ou ka wè yon lis òganizasyon ki te patisipe yo nan pati Akolad la.

Nou te evalye 11 òganizasyon sa yo sou 9 domèn preparasyon nou dekri pi ba a. Evalyayson preparasyon pou òganizasyon kominotè Medford yo te yon sondaj 2014 Mississippi Valley Conservation Authority te fè sou Preparasyon Òganizasyon nan Òganizasyon Konsèvasyon yo, men nou te modifye l e rakousi l lejèman. Nou dwe note nou te evalye òganizasyon differan gwosè ansanm.

Domèn Preparasyon Òganizasyon			Wi	Non	Pa Sèten
1		Espas Èske òganizasyon w gen tout sèvis enpòtan li ofri nan rejon w yo sou yon kat avèk deskripsyon yo? <i>Òganizasyon ki te reponn "Non" yo te di yo t ap suiv pwosesis pou yo santralize enfòmasyon, men yo te konnen ki kote tout sèvis yo ye.</i>	6	4	1
2		Prensip Èske prensip òganizasyon w suiv yo pèmèt li reyaji yon fason kontinyèl e enteraktif an favè efò chanjman klimatik yo? <i>Òganizasyon ki te di "Non" yo te di chanjman klimatik "senpleman pokò yon bagay yo vize" pou prensip òganizasyon yo a.</i>	7	4	0
3		Konfyans Piske gen posibilte fò n reyaji rapid devan efè chanjman klimatik, èske kominote w sèvi yo fè òganizasyon w lan konfyans pou l pran desizyon ki nesesè yo? <i>Tout òganizasyon yo te jije pèp la fè yo konfyans pou yo pran desizyon lè gen evènman klimatik.</i>	11	0	0
4		Patisipasyon Kominote a Èske òganizasyon w kreye okazyon kontinyèl pou moun bay kontribisyon yo, pou asire bonjan komunikasyon ak konsiltasyo? <i>Tout òganizasyon yo te di yo anplwaye plizyè teknik pou yo jwenn patisipasyon kominote a. Nou te klarifye "konsiltasyon" se "mwayen komunikasyon 2 vwa".</i>	11	0	0
5		Administrasyon Èske administrasyon òganizasyon w soutni bezwen pou adaptasyon oswa rezistans ak chanjman klimatik nan pwogram li yo? <i>Menm jan ak prensip òganizasyon yo, gen kék òganizasyon ki te di chanjman klimatik pokò pran devan pou administrasyon an.</i>	9	1	1

Domèn Preparasyon Òganizasyon			Wi	Non	Pa Sèten
6		Kolaborasyon Èske òganizasyon w te itilize kolaborasyon w te fè avèk lòt òganizasyon pou amelyore kapasite òganizasyon w genyen pou l adapte l ak efè chanjman klimatik yo? <i>Tout òganizasyon yo te reponn yo gen bonjan kolaboratè, men y ap tann Lameri diriji yo nan kesyon preparasyon pou klima.</i>	11	0	0
7		Politik ak Lwa Èske seri politik òganizasyon w gen kounye a yo pèmèt nou vize kesyon chanjman klimatik la nan desizyon n ap pran yo? <i>Menm jan ak kolaborasyon òganizasyon yo, òganizasyon yo tann gouvènman lokal yo kreye politik sou preparasyon pou klima ak ijans. Kèk òganizasyon te sijere yon Ekip Ijans pou travay ansanm pou devlope planifikasyon k ap pèmèt yo pare.</i>	7	0	4
8		Jesyon Konesans Èske òganizasyon w gen ase ransèyman pou l soutni yon bonjan pwosesis ki pèmèt yo pran desizyon anrapò ak jere efè chanjman klimatik yo? <i>Òganizasyon ki te reponn "Non" yo te di yo ka toujou chèche plis ransèyman oswa yo pa t ap chèche ransèyman presi sou klima a. Òganizasyon ki te reponn "Wi" yo te di yo gen anpil ransèyman moun yo sèvi yo ka aplike nan diferan kad ijans.</i>	2	7	2
9		Fonksyònman Èske òganizasyon w gen sistèm anplas ki pwoteje sèvis ki enpòtan si gen gwo chanjman nan klima a? <i>Òganizasyon ki te reponn "Non" yo te di konsa, byenke òganizasyon yo gen Plan Preparasyon pou Ijans (EPP), òganizasyon an pa gen plan presi pou chanjman klimatik longtèm oswa plan pou yon ijans ki dire anpil tan. Òganizasyon ki te reponn "Wi" yo te di òganizasyon yo gen EPP ki pwofon ak plan bakòp yo mete ajou e reevalye regilyèman.</i>	7	4	0

Rezime Evalyasyon an

Pou anpil nan founisè sèvis lokal yo, chanjman klimatik ak preparasyon pou chanjman klimatik pa fè pati **prensip** òganizasyon yo, paske **administrasyon an** "poko vize" kesyon sa a.

- Gen **metòd** pou pwoteje sèvis yo pandan ijans grasa Plan Preparasyon pou Ijans.
- Finalman, yo gade gouvènman lokal yo pou bay **politik ak lwa** sou preparasyon pou klima ak ijans pou zòn nan.

Tout founisè yo te santi pèp yo sèvi yo fè òganizasyon yo **konfyans** nan ka ijans, e yo itilize plizyè mwayer pou chèche **patisipasyon kominote** a pou yo ka touche pèp yo sèvi yo.

- Byen konprann **espas**, ni espas fizik kote yo bay sèvis yo, ni kote gen enfòmasyon sou sèvis yo ofri yo.




Abitan Konvèsasyon ak Kominote a

Nou te mande abitan Medford yo pou yo bay kontribisyon pa yo sou rezistans kominotè nan Medford. Nou te fè efò pou n kontakte moun k ap fè fas ak inekite sosyal pou "Konvèsasyon ak Kominote a". Evènman an te gen entansyon sa yo:

- Pou n kòmanse konvèsasyon sou klima ak rezistans kominotè.
- Pou moun yo pi byen konprann ki jan chanjman klimatik se yon kesyon jistik sosyal menm jan se yon kesyon anviwònmantal.

Medford Health Matters te òganize evènman an ansanm ak Vil Medford Board of Health la. Nou te kontakte founisè nan kominote a ak kote moun konn adore yo pou yo ka ede n fè piblisite pou evènman an avèk pèp yo sèvi a pa mwayer kontak dirèk fasafas ak imèl.

- 40 abitan ki gen diferan passe te enskri. 25% moun ki te enskri yo te mande pou konvèsasyon yo fèt an kreyòl anyisyen, 10% te mande pòtigè, e 10% te mande espanyòl.
- Alafen, te gen anviwon 25 moun, paske anpil moun te esplike yo te gen difikilte pou yo konekte ak evènman an akoz pwoblèm teknoloji (pa egzanp, fonksyon apèl nan Zoom).
- Yon ti konvèsasyon an gwoup te fèt avèk 5 moun nan kominote Brezilyen ki Medford a apre evènman ki te fèt sou entènèt la.



Antanke yon kominote, ki jan pou n konstwi espas ki an sekirite ak relasyon ki baze sou konfyans?

Fè moun santi yo gen plas epi ankouraje varyete

Patisipan yo te di yo atire anvè espas yo abitye ki fasil pou yo aksede.

- Yo enterese nan espas ki soutni enterè ak mòddevi yo gen an komen.
- Espas publik kote patisipan yo konn reyini yo te gen ladan yo lye adorasyon, pak publik, ak espas publik tankou bibliyotèk ak lekòl.

Patisipan yo santi yo an sekirite nan espas kote gen moun yo abitye ki gen menm prensip avè yo.

- Tout moun santi yo pi alèz nan espas publik lè gen varyete toutbon (varyete laj, sèks, ras, lang, elattriye), kote patisipan yo gendwa tonbe sou moun ki sanble avè yo e "pale tankou yo", pandan yo pami lòt abitan ki gendwa pa menm jan avèk yo.
- Fasilité yon anviwònman kote patisipan yo santi yo byenveni e yo gen plas yo la a.

Atake baryè pou kominikasyon ak enfòmasyon

Patisipan yo twouve li difisil pou yo toujou gen dènye enfòmasyon yo sou mizajou lokal yo.

- Patisipan ki gen timoun lekòl te di pi souvan se lekòl la ki sous nouvèl lokal yo.

- Gwoup Facebook lokal yo se yon sous popilè kote moun jwenn enfòmasyon ak mizajou sou evènman nan kominote a.
- Patisipan ki pi enplike nan aktivite sivik yo te pale de apèl otomatik vil la fè yo, menm lè anpil patisipan pa t janm tandem pale de bagay konsa.

Baryè kominikasyon se baryè moun plis di ki anpeche yo santi yo jwenn sipò.

- Yo di malgre yo rete Medford, souvan yo santi yo dekonekte ak evènman ak mizajou.
- Yo te pale de baryè pou kontakte moun ki pale lang ki pa anglè, ki pa fò nan sèvi ak entènèt la, e ki pa toujou fè dirijan yo konfyans.

Patisipan yo te pi enkyete yo anrapò ak kominote k ap fè fas ak inekite sosyal.

- Yo enkyè poutèt rasis ak tretman gwoup moun ki gen koulè.
- Yo atann Lameri ak òganizasyon yo poze plis aksyon konkrèt pou fè aplike politik kont rasis.
- Pou COVID-19, patisipan yo enkyè pou pèsonaj, timoun, manman ki fèk fè pitit, ak moun k ap fè fas ak ensekirite finansye.

Ki pwogram rezistans ou ta renmen wè yo mete nan Sant Rezistans yo?

Okazyon pou konstwi kominote

Patisipan yo te pale de rasanbleman ki akeyan kote patisipan yo vle ale e kote gen manm kominote ki soti diferan kote ki ka reyini ansanm.

- Yo enterese nan pwogram ki konstwi kominote a, tankou aktivite ak echanj ki enplike plizyè jenerasyon ak kilti.
- Devlopman sistèm sipò pou paran ak fanmi ansanm ak pwogram detant pou timoun yo ka pran plezi yo.
- Yo te di gen bezwen pi bon òganizasyon ak angajman nan kominote a, sa gen ladan I kontak pòtanpòt ak sondaj ak konvèrsasyon regilye ki mande abitan yo ki sa yo vle.

Enfòmasyon ak resous ki aksesib

Baryè yo te plis site ki anpeche yo jwenn aksè a se sèvis lang ki pou ede entèprete e trandui enfòmasyon pou patisipan ki pale lang ki pa anglè.

- Bezwen yon espas santral kote yo ka jwenn enfòmasyon fizik e dijital sou resous kominotè ak mizajou sou kominote a ki fyab, sitou lè gen ijans.
- Yo te pale de nesesite pou gen sèvis transpò ki pa twò chè e ki aksesib.
- Yo enterese nan pwogram ak sèvis byennèt pou jèn yo, paran yo, ak moun k ap viv nan izòlman.

Pwen fò ki soti nan Kominote Ayisyen e Brezilyen yo

Gen 4 tèm yo te souliye nan konvèsasyon nou te fè ak kominote ayisyen e brezilyen yo:

1. Mank sipò pou lang ak mank kontak vil la fè nan lòt lang limite patisipan ki pale lang ki pa anglè yo. Patisipan ki ayisyen e brezilyen yo te di “swa akoz neglijans, swa paske yo manke kapasite pou sa, enfòmasyon senpleman pa rive jwenn kominote nou an.”
2. Patisipan yo te sijere Lameri ak lòt òganizasyon bay enfòmasyon dirèkteman nan espas kominote yo, tankou legliz yo ak Restoran OASIS la, epi se pou yo sèvi ak rezo sosyal tankou Whatsapp pou amelyore kominikasyon.
3. Patisipan ayisyen yo te pale de rasis kòm yon baryè kritik ki fè yo pa santi yo jwenn sipò nan men kominote Medford a, akoz “fè sanblan”, inisyativ ki pou “anglè sèlman”, “pa wè koulè”, ak pwennvi jeneral moun gen de kominote ayisyen an. Patisipan ayisyen yo vle gen reprezantan pa yo nan Lameri ak nan òganizasyon lokal yo.
4. Yo te di sèvis sipò pou lang se yon bagay esansyèl pou Sant Rezistans yo. Ni patisipan ayisyen yo, ni patisipan brezilyen yo anvizaje yon sant resous ki gen kapasite nan domèn lang pou l konekte moun yo ak fanmi yo ansanm.

*Patisipan ayisyen yo te di
rasis se yon baryè kritik..*

MO KLE YO

Anti-rasis gen ladan l kwayans, aksyon, ak politik yo adpote oubyen delvope pou opoze rasis dirèkteman e pou chanje politik, pratik, oswa pwosesis ki lakòz rasis.



Entèvyou ak Òganizasyon & Diskisyon “Gwo Tab” yo

Nou te mande founisè sèvis ki nan zòn nan pou yo bay kontribisyon pa yo sou rezistans kominotè nan Medford. Òganizasyon yo te patisipe pa mwayen entèvyou nou te pale de yo pi wo a nan pati “Evalyasyon Preparasyon Òganizasyon yo” ak yon seri diskisyon “Gwo Tab” ki te gen 2 pati.

- Tout òganizasyon ki te patisipe yo travay avèk omwen yon gwoup moun ki vilnerab devan klima a.
- Ou ka jwenn yon lis òganizasyon ki te patisipe yo nan pati Akolad la.

“Gwo Tab” se yon sistèm Medford Health Matters te devlope. Se Medford Health Matters ak Vil Medford Board of Health ki te òganize seri “Gwo Tab” sa a ansanm. Yo te envite founisè yo pou yo reflechi sou fason pou n ranfòse lyen yo e konstwi rezistans kominotè nan Medford.

- Nou te kontakte òganizasyon nan imèl pou yo ka patisipe nan seri sa a ki te gen 2 pati.
- Gen 25 reprezantan òganizasyon ki te kontribye anvè youn oubyen toude diskisyon sa yo.

Ki jan pou n kreye espas ki sekirize e konstwi relasyon ki baze sou konfyans?

Òganizasyon yo te gen dout gen anpil espas publik kote fanmi imigran, ni sa ki gen papye, ni sa ki pa genyen, santi yo an sekirite toutbon.

Òganizasyon yo te di pèp yo sèvi yo konn mande komunikasyon pi transparan sou devlopman pwojè, sitou pa mwayen komunikasyon vèbal, e pèp la fristrè paske angajman ak kominote lokal yo varye.

- Chanje fason yo konn boule ak moun - "se responsabilite pa nou pou n fè efò pou n konstwi relasyon nan espas kote kominote yo santi yo an sekirite.
- Chèche pran kontak nan lekòl ak ptit imigran pou kreye yon kanal enfòmasyon ki fyab ant timoun ak paran.
- Konte sou òganizasyon elèv fòme k ap travay sou chanjman klimatik ak kesyon jistis sosyal.

Fasilite yon santiman kontinyasyon

Menm jan ak kontribisyon abitan yo te bay yo, òganizasyon yo te pale de enpòtans espas publik ki akeyan e konfòtab - "li pa sifi pou n jis di 'ou byenveni isit' - fòk nou poze aksyon pou n montre tout moun beynveni toutbonvre".

- Yo te imajine yon sant kominotè ki t ap "fè moun santi yo pamí fanmi yo" e ki kreye yon "sistèm sekirite ki tankou fanmi".

Ki jan pou n vin tounen yon vil ki pi pare?

Abòde enkyetid sou efè chanjman klimatik genyen

Òganizasyon yo te souliye enplikasyon sou jistis sosyal ak sipò pou popilasyon ki vilnerab nan domèn sosyal se pi gwo enkyetid yo lè gen ijans.

- Enkyetid sou inekite ak diferans ant abitan k ap vin pi mal
- Yo te souliye izòlman sosyal pamí pèsonaj ak moun ki gen andikap - "Menm lè n eseye differan apwòch, nou pa ka rive touche yo".

Òganizasyon yo te enkyè anrapò ak mesaj ki nan komunikasyon sou chanjman klimatik ak lòt kesyon sante publik.

- "Ki jan pou n gen ekilib ant laverite ak espwa epi bay komunikasyon ki diminye enkyetid?"
- "Ki jan pou repons nou yo rete kalm, bay sipò, e byen abòde bezwen imen de baz yo lè gen dezas?"

Yon lòt enkyetid se te efè sou sante publik la.

- Efè fizik inondasyon ak move tan pote ki gendwa deplase pèp yo sèvi yo e lakòz chay yon fason ki enjis.

Òganizasyon yo avèti pa gen "yon modèl" pou rezistans - "fòk nou konsantre sou byen itilize pawòl nou ak mesaj nou pandan n konsantre mwens sou 'pèfeksyon' ak chèche kontakte chak gress moun".

Gen kèk òganizasyon ki te pale sou jan I pa sifi pou n devlope entèvansyon fòmèl ki pa teni kont de faktè segondè tankou izòlman ak laperèz. Yo te ajoute fòk founisè yo kiltive yon 'touch imen' e "santre vwa moun nou sèvi yo".

- Yo te pale de enpòtans pou n byen etabli chanjman ki san patipri e pou n pran yon pozisyon **anti-rasis**.
- Fasilite chanjman pa mwayen prevansyon, entèvansyon, ak amelyorasyon - "nou gen yon fo kwayans ki di nou bezwen mete enèji nou nan youn nan 3 sa yo... men fòk nou reyaji sou toule 3 nivo yo!".

"Fòk nou konsantre sou byen itilize pawòl nou ak mesaj nou pandan n konsantre mwens sou 'pèfeksyon' ak chèche kontakte chak gress moun".

- Mank dlo potab ak kote ki gen lonbray nan espas publik yo ogmante risk pou moun fè maladi ki gen rapò ak chalè, "sitou pamí timoun ak pèsonaj, ki se kèk nan abitan ki pi vilnerab yo".

- Plis ensekirite alimantè ak efè I gen sou sante mantal.

Konstwi Kapasite

Òganizasyon yo te souliye kapasite limite yo genyen pou yo òganize e soutni moun.

- Medford bezwen "ni yon etablisman fizik, ni plis efò pou kontakte moun, pou konstwi kapasite pamí gwoup moun ki vilnerab yo".
- Yo te rekòmande yon "apwòch òganizasyon kominote a kote vil la gen yon ekip ki chèche touche yon varyete differan kalite moun pou ede kominote Medford yo gen tèt ansanm.

Òganizasyon yo te souliye kolaborasyon esansyèl pou konstwi kapasite òganizasyon yo - "nou vle suiv tout etap sa yo ki pratik e ki byen reflechi... men tou fòk nou ka kowòdone e konte sou rezo nou yo ak kolaboratè nou yo."

*“Nou vle suiv tout etap
sa yo ki pratik e ki byen
reflechi... men tou fòk
nou ka kowòdone e
kontakte sou rezon nou yo ak
kolaboratè nou yo.”*

Ki jan pou n kreye yon Medford ki rezistan?

Fokis sou Pwogram Rezidan Bezwen

Byenke rezistans devan klima a fokis sou chanjman klimatik, pwogram rezistans fèt pou yo soutni kominote a andeyò de efè klima dirèk anvan, pandan, e apre ijans.

Pifò òganizasyon te di yo enterese ak elaji sèvis publik yo, avèk aksan sou amelyore sistèm transpò Medford yo.

- Transpò publik ki fyab, ki pa twò chè, ki aksesib, ki pèmèt moun deplase anndan Medford e vizite lòt kominote ki nan zòn nan, pa sèlman Boston.
- Opsyon pou sèvi ak lòt mwayen transpò, tankou bisiklèt, ki tonbe daplon ak kominote ki ozalantou yo.

Òganizasyon yo te enterese ak lòt sèvis publik ki soutni yon vil ki pi aksesib e ki pi byen aksepte tout kalite moun.

- Sipò ak sèvis pou lang.
- Aktivite nan pak publik ak espas ki ouvè pou moun tout laj ak kapasite, pa sèlman pou timoun.
- Pwogram lojman ki anfòm e ki pa twò chè pou soutni fanmi Medford yo.

Anpil òganizasyon te aksantye enpòtans edikasyon sou jistis sosyal ak enpòtans pou kreye strikti edikasyon ki aksesib.


- Edikasyon sou jistis sosyal ak enpòtans li pou Medford, san wete chanjman klimatik.
- Fòmasyon sou ki jan pou fratènize avèk moun lòt peyi/kilti ak eksperyans (pa egzanp, sansib ak kilti e konsyan de andikap).
- Kou pou konpetans ki aksesib (pa egzanp, anglè enfòmatik, aplikasyon travay), sitou pou moun ki vilnerab nan domèn sosyal la.
- Atelye sou mezi ki senp e konkrèt k ap prepare moun pou move tan ak lòt ijans.

Souvan yo te mansyone pwogram byennèt ak sipò fanmi pou byennèt emosyonèl.

- Yo te presize gen bezwen sistèm sipò enfòmèl ki evite move pwennvi moun gen sou “terapi”.
- Yo te souliye pwogram spirityèl pou lye kominote yo e fasilité konpreyansyoh lòt kilti.

Òganizasyon yo te bay ide sou ki jan pou n amelyore sèvis ijans yo.

- Abri kote abitan ka aksede swen medikal de baz gratis e kote yo ka mennen bët domestik yo pou yo jwenn rekonfò
- Ekip vokontè pou lè gen ijans ki soti nan pwofesyon k ap ka bay sipò espesyalize pandan ijans, san wete sipò sikoloji e -sosyal.



Lyen Sosyal: Sant pou plizyè kalite rasanbleman

Sant Rezistans yo ka sèvi kòm yon espas pou akeyi evènman kominotè ak aktivite detant ki enplike plizyè gwoup kominotè. Sant yo ka fonksyone kòm yon espas sekirize kote moun diferan peyi/kilti ka konekte ansanm.


- Kèk ide se restoran kafe ki envite manm kominote yo pase.
- Yo te sijere nou sèvi ak Sant Rezistans yo kòm yon espas pou detant inivèsèl ki pou tout kalite moun, ki fèt pou tout manm kominote a, e ki fèt avèk yon je sou bezwen diferan gwoup moun yo genyen yo.



Patisipasyon Kominote a: Sant pou Òganize Kominote a

Òganizasyon yo prevwa okazyon pou kominote a patisipe nan Sant Rezistans yo. Sant yo ka resevwa diskisyon yo fè ak tout kominote a e yo ka fonksyone kòm yon pòtay pou gwoup volontè lokal yo.


- Yo rekòmande nou chèche e kenbe pèsonèl ki gen koulè nan Sant yo kòm founisè ak òganizatè.
- Yon espas kote founisè ki nan kominote a ka travay an pèmanans oswa tanporèman.



Aksè ak Enfòmasyon: Sant komunikasyon

Òganizasyon yo anvizaje Sant Rezistans yo kòm yon sant komunikasyon santral kote abitan yo ka fasilman jwenn enfòmasyon sou resous ki disponib yo.

- Kreye kolaborasyon ak plizyè diferan domèn epi amelyore komunikasyon ant Lameri a, òganizasyon yo, ak abitan yo.
- Stasyon enfòmasyon pou fè publisite pou evènman, bous kominotè ki disponib, oswa gid pou fè demann sèvis publik.



Repons Kolaboratif: Efò Rejyonal

Òganizasyon yo sijere Sant Rezistans yo ankouraje kolaborasyon rejyonal. Byenke kèk Sant gendwa nan Medford, òganizasyon yo te pale sou pwen pozitif ki gen nan yon rezò ki fòme ak Sant ki nan minisipalite ki toupre yo.

- Yo t ap ka kreye plan preparasyon ki pi konplè pou soutni zòn ki gen mwens resous ki manke kapasite.
- Yo t ap ede diminye konfizyon pou òganizasyon ki soutni moun atravè diferan minisipalite.

tach ki jan


GADE LOKAL KI GENDWA APWOPRIYE



tach 1
ki kote

tach 2
ki sa

SANT
REZISTANS



Lokal ki gendwa Apwopriye pou Sant Rezistans

Sant Rezistans yo se kote moun fè konfyans, yo itilize yo regilyèman, e yo aksesib. Grasa baz done Evelyatè a, vil la te site etablisman komèsyal (ki pa endistriyèl) ki gen 5,000 pye kare oubyen plis, ak fonksyon yo jwe.

- Nou te rafine lis la pou l gen ladan l lokal ki gendwa ranpli toule 5 kritè yo pou l yon Sant Rezistans ideyal (gade pi ba a).
- Nou te konpare lis la avèk zòn ki gen priorite ak kominote jistis anviwònmantal (EJ) yo.
- Yon premye analiz te idantifye yon sèl etablisman kòm kandida (Legliz St. Clement) nan zòn priorite yo, menm lè l pa nan yon katye EJ.
- Angwo gen 9 lokal ki te toupre yon katye EJ (Imaj 3.1).

5 Kritè pou yon Sant Rezistans Ideyal


Nou pran imaj yo nan: <http://resilience-hub.org/what-are-hubs/>

1 Pwogram




Ofri yon varyete diferan sèvis ki fasilite byennèt ak preparasyon kominote a. Nou detèmine pwogram yo sou baz sa k enterese kominote a.

2 Strikti



Soutni aktivite pandan tout ane a e pandan ka ijans. Fòk lokal la an bòn eta, li pi bon si l pa nan yon zòn inondasyon, e l dwe gen enstalasyon kizin pou bay manje anvan, pandan, e apre ijans.

3 Kouran




Dwe gen yon sistèm kouran rezèv ki fyab pou lè gen blakawout. Sistèm kouran rezèv la dwe ni ekonomik, ni dirab.

4 Kominikasyon



Dwe gen sistèm kominikasyon ki fonksyoné anandan e andeyò zòn li sèvi a, sitou pandan blakawout ak apre dezas..

5 Fonksyònman




Dwe gen pèsonèl ak pwosesis ki apwopriye an plas pou jere etablisman an anvan, pandan, e apre ijans.

Imaj 3.1 Kat Lokal ki gendwa Apwopriye pou Sant Rezistans

Nimewo

- 1** First Baptist
- 2** Grace Episcopal
- 3** Gurdwara Guru Nanak Darbar
- 4** Elks Lodge 915
- 5** VFW Post 1012
- 6** Shiloh Baptist Church
- 7** St. Raphael
- 8** St. Clement
- 9** Vida Real Evangelical Center
- 10** Wesley Methodist



LEJANN

Kritè Jistik Anviwònmantal

- Minorite
- Revni
- Minorite + Revni
- Minorite + Izòlman Anglè

Katyè & Zòn

- 1-1 (Glenwood)
- 5-1 (South Medford)
- 5-2 (South Medford)
- 7-2 (Wellington)

Kalite Lokal

- Klèb Sosyal
- Relijy e

Lis Bagay pou Verifye pou Sant Rezistans

Nou te devlope lis sa a kòm yon zouti, ni pou rezon edikatif, ni pou rezon evalyasyon. Li site karakteristik ki priorite yo nan toule 5 domèn rezistans yo: Pwogram; Strikti; Kouran; Kominikasyon; ak Fonksyonman. Sa pèmèt founisè lokal yo aprann plis sou sa sa vle di dirije yon Sant Rezistans.

- Kare ki koulè vèt yo se sèvis ki esansyèl.
- Lòt kritè nou site yo fasilité plis fonksyonale toujou.

Pwogram Rezistan

Kritè	Deskripsyon	Poukisa I Enpòtan?	Repons
Aktivite & Pwogram	Tanpri, site aktivite/pwogram ou ofri nan lokal la.	Yon varyete pwogram nesesè pou konble bezwen yon kominote ki gen varyete.	
Sipò Medikal de Baz	Èske swen sante de baz disponib pou maksimòm kantite moun lokal la ka pran?	Pwogram kontinyèl.	
Swen pou Timoun	Èske gen swen pou timoun ki disponib?	Li enpòtan pou n konnen si yon lokal pa danjere pou timoun.	
Terapi	Èske gen terapis pwofesyonèl ki disponib?	Sèvi bezwen sante mantal pandan toule 3 peryòd yo - nòmal, dezas, rekiperasyon - se yon sèvis ki gen anpil valè.	

Strikti Rezistan

Kritè	Deskripsyon	Poukisa I Enpòtan?	Repons
Itilizasyon Lokal la	Tanpri, site itilite prensipal etablisman an.	Fonksyon I pèmèt nou konnen kapasite I.	
Laj Etablisman an & Twati a	Ki laj etablisman an e ki lè yo te ranplase twati a?	Strikti fizik la endike kapasite I pou I reziste anba move tan.	
Kapasite Etablisman an	Maksimòm kantite moun nou ka pèmèt nan lokal la legalman.	Restriksyon sou espas detèmine kapasite I pou I sipòte yon pakèt moun pandan ijans.	
Twalèt	Konbyen twalèt ki fonksyone e konbyen bòl twalèt ki genyen?	Twalèt ki fonksyone se yon nesesite.	
Enstalasyon Kizin	Ki kapasite I pou I prepare manje, fè manje, e distribye manje?	Kapasite pou bay bonjan manje se yon pwen trèzenpòtan.	
Stoke Manje	Konbyen kote ki pwòp ki gen pou stoke manje oubyen manje ki tou fèt?	Sipòte sistèm manje lokal pandan toule 3 peryòd yo esansyèl pou sekirite alimantè.	
Dlo & Glas	Èske piblik la ka jwenn dlo pwòp pou bwè?	Fòk gen dlo pwòp pou bwè pou kantite moun li ka pran omaksimòm.	

Kouran Rezistan

Kritè	Deskripsyon	Poukisa I Enpòtan?	Repons
Jeneratris pou Ijans	Èske gen yon jeneratris kòm bakòp nan lokal la? Èske l ka bay kouran pandan jiska 72 èdtan?	Pou soutni moun pandan toule 3 peryòd yo, fòk li ka fonksyone san kouran.	
Enèji Pwòp	Èske lokal la deja gen yon enstalasyon enèji pwòp?	Sistèm enèji pwòp ede n evite domaje anviwònman an.	

Kominikasyon Rezistan

Kritè	Deskripsyon	Poukisa I Enpòtan?	Repons
Sèvis Kominikasyon	Èske gen sèvis telefòn ki fyab nan lokal la? Èske l disponib si pa gen kouran?	Li esansyèl nou ka kominike aktivman avèk otorite ijans yo.	
Wifi	Èske publik la ka jwenn wifi ki fyab? Èske l disponib lè pa gen kouran?	Li esansyèl nou ka kominike aktivman avèk otorite ijans yo.	
Chaje Telefòn	Èske gen kote pou publik la chaje telefòn yo? Konbyen?	Kapasite moun yo genyen pou yo abrite yo depann de aksè yo gen ak enfòmasyon ak kontak avèk moun deyò.	

Fonksyònman Rezistan

Kritè	Deskripsyon	Poukisa I Enpòtan?	Repons
Plan pou Ijans	Èske lokal sa a deja gen yon plan pou ijans? Chak ki lè pèsònèl la jwenn fòmasyon ladann?	Fòk pèsònèl etablisman an ak volontè yo konnen pwotokòl yo pou diferan kalite ijans e fòk yo jwenn fòmasyon pou yo.	
Pèsònèl/Volontè	Konbyen pèsònèl òganizasyon sa a anplwaye? Konbyen volontè?	Kantite moun ki aktif e ki abitye ak lokal la pral detèmine ki lè ak konbyen pwogram nou ka konsidere.	

Administrasyon

Kritè	Deskripsyon	Poukisa I Enpòtan?	Repons
Plan Teknik	Èske òganizasyon an gen yon plan teknik ki gen objektif ak priyorite?	Li enpòtan li tonbe daplon ak plan teknik ki deja genyen yo, pou l pa epize resous ki genyen yo.	
Pèp Ou Sèvi	Kiyès ki plis benefisyé travay ou fè yo?	Kiyès òganizasyon an sèvi pral detèmine kapasite l pou l soutni moun ki nan pi gwo bezwen.	
Kolaboratè	Kiyès ki kolaboratè kle ou yo ki ede w akonpli misyon w?	Konprann kolaborasyon òganizasyon yo montre founisè Sant Rezistans yo se bon lidè.	

Pwochèn Etap yo

Evalyasyon an te revele abitan yo te enterese ak Sant Rezistans yo, men yo te gen dout yo t ap ka jwenn patisipasyon kominote a regilyèman e yo te mande kiyès li t ap sèvi toutbonvre. Menm jan an tou, founisè lokal yo te enterese ak Sant Rezistans yo, men yo ta renmen pi byen konprann ki jan nou t ap jwenn yon espas fizik e ki jan yon espas ki gen plizyè itilite e ki gen plizyè lokalite t ap fonksyone.

Malgre enterè ki gen nan Sant Rezistans yo, li klè pwochèn etap yo dwe poze yon fondasyon konfyans ant kominote a ak Lameri a grasa kontak ki enplike tout kalite moun ak yon angajman aktif nan men vil la pou I pratike **anti-rasis**. Plis planifikasyon nesesè tou pou n ka òganize kowòdonasyon, kominikasyon, ak fonksyònman pou Sant Rezistans.

1. Envèsti nan patisipasyon kominote a lè n anplwaye yon ekip òganizatè lokal ki gen koulè ki deja byen anrasinen nan kominote yo pou yo ka lanse yon Ekip Rezistans Kominotè ki pral enplike nan kreye politik rezistans.
2. Devlope yon alyans ki gen founisè nan kominote a anndan Ekip la pou kreye pwoesisis ki amelyore kolaborasyon ak kominikasyon e ki kreye yon sistèm pataj espas pou pataje sèvis yo.
3. Enplike chèf ak depatman vil yo lè n ap kowòdone sèvis vil la ofri yo ak lè n ap fasilitè rezistans kominotè ki jis, sa ki mande angajman anvè politik kont rasis.

Apendis A

Imaj “R U OK?” Siplementè

Imaj A.1 Apèl “R U OK?” Fè yo

Aksyon/Rezulta - Kalite Apèl	Total Kantite Moun yo te Rele	% Total la	Katye	Kantite yo Rele
Eseye ankò, PA jwenn li	305	8.5	1-1	318
Asiyen yon lang	13	0.4	1-2	355
Kite mesaj vokal	967	26.9	2-1	122
Retire - te rele 2 fwa san repons	1080	30.0	2-2	196
Retire - Jwenn èd nan men fanmi	360	10.0	3-1	479
Retire - Pa vle apèl oswa te rakwoche	450	12.5	3-2	514
Moun nan vle n VERIFYE AVÈ L pi souvan	104	2.9	4-1	92
Moun nan vle SÈVIS	14	0.4	4-2	288
Retire - nimewo a pa kòrèk oswa l mouri	306	8.5	5-1	232
Moun nan pale yon lòt lang	1	0.0	5-2	97
Gran Total	3600		6-1	208
Apèl pou R U OK (Faz 2) Fen Avril/Me/Jen	6347		6-2	188
Apèl ki te fèt déjà (gade pi wo a)	3600	57	7-1	8
Total nouvo apèl ki pou fèt	2747		7-2	173
Total, san wete mesaj vokal ak dezyèm esèy	4019		8-1	228
			8-2	102
			Gran Total	3600

Imaj A.2 Ki jan yo soutni moun yo (apa de pwogram “R U OK?” a)?

Sous Sipò	Pousantaj (%)
Manm Fanmi	73
Zanmi oswa Vwazen	21
Sèvis Mystic Valley pou Pèsonaj (MVES)	3
Lòt Òganizasyon nan Kominote a	3
Gran Total	100

Lis Mo yo Esplike

Kapasite pou Adapte

kapasite pou soti devan malè, pou pote ajisteman lè gen chanjman, oswa pou rekonstwi apre ijans. Men sa k endike kapasite pou adapte: aksè ak enfòmasyon, rezo sosyal, ak deplasman; resous finansye; ras/gwoup etnik; ak demografik sou lojman.

Aksè ak Enfòmasyon

aksè ak enfòmasyon gen ladan l ki jan abitan yo aprann konnen sitiayson kominate yo ladan l lan. Ki jan yo jwenn enfòmasyon ki fyab?

Lyen Sosyal

Iyen gen ladan l koneksyon sosyal moun genyen: fason l ka jwenn oubyen fè enteraksyon avèk lòt moun, gwoup moun, oswa òganiasyon.

Aksè ak Resous/Sèvis

aksè detèmine jis nan ki pwen l fasil pou yon moun jwenn e aksede sèvis li bezwen, san wete transpò oubyen koneksyon dijital.

Anti-Rasis

gen ladan l kwayans, aksyon, ak politik yo adopte oubyen devlope pou opoze dirèkteman ak rasis epi pou chanje politik, pratik, oswa pwosesis ki lakòz rasis.

Rezistans Kominote

se yon sistèm ki fokis sou 3 prensip:

1. **Lyen** vle konekte e konstwi rezo sosyal ki fasilité konfyans pamì abitan yo, òganizasyon yo, ak gouvènman lokal yo.
2. **angajman** chèche patisipasyon abitan ki gen eksperyans nan lavi ak moun ki pi siseptib devan efè desizyon moun pran yo.
3. **adaptasyon** ankouraje kominate a prepare pou, sipòte, e rekipere lè pral gen dezas alavni.

Preparasyon pou Klima

se mezi kapasite yon kominate genyen pou l sipòte e reyaji devan chanjman klimatik yo prevwa.

Preparasyon Òganiasyon nan Kominote a

vle di preparasyon yon òganizasyon fè pou klima a ak kapasite l pou l pwoteje sèvis li ofri yo e kominike avèk pèp yo sèvi lè gen ijans.

Jistics Anviwònmantal

li gen ladan l rasis anviwònmantal, patipri sou baz klas sosyal, ak pwoteje anviwònman an, nan yon sèl kad, yon fason pou egzije jistics sosyal, toutpandan n ap chèche eliminate domaj anviwònman an sibi.

Nan Massachusetts, yo idantifye yon kominate kòm yon katye Jistics Anviwònmantal si nenpòt nan deklarasyon sa yo aplikab:

- Zòn kote revni fanmi yo chak ane an mwayèn $\leq 65\%$ mwayèn nan pou eta a.
- $\geq 25\%$ oubyen plis abitan yo se yon ras ki pa blan
- $\geq 25\%$ fanmi yo pa gen yon moun ki gen 14 an oubyen plis ki pale anglè trè byen = yo rele sa "Izolman Anglè"

Ekite

bay jistics priyorite ansanm ak aksyon ki diminye risk yo pou kominate k ap fè fas ak diferans ak enjistik sosyal, ekonomik, politik, e anviwònmantal, e ki gen mwens resous k ap pèmèt yo adapte yo ak kondisyon k ap chanje.

Ekite Rasyal

fèt lè enstisyon eliminate politik ak pratik ki kreye diferans nan rezulta (sante, edikasyon, revni, elatriye) selon ras.

Ekite nan Domèn Sante

fèt lè chak moun gen okazyon pou l atenn tout potansyalite yo nan domèn sante a, kèlkeswa faktè sosyal, ekonomik, politik, oswa anviwònmantal.

Vilnerab

souvan yo di l gen 3 dimansyon ladan l

1. **Ekspoze** jis nan ki pwen yon moun toupre danje a
2. **Sansib** kondisyon sosyal, ekonomik, e politik ki te la deja ki afekte aksè yon moun/gwoup moun gen ak resous oubyen jan l ekspoze devan danje.
3. **Kapasite pou Adapte** kapasite pou soti devan danje a, pou fè ajisteman lè gen chanjman, oswa pou rebati apre kataswòf

- Moun ki pi sansib e ki gen mwens kapasite pou yo adapte yo pi siseptib devan efè = pi vilnerab
- Moun ki mwens □ sansib e ki gen plis □ kapasite pou yo adapte yo ka pi byen tolere efè = mwens vilnerab

Vilnerab Fizikman

gen rapò ak nan ki pwen yon moun/gwoup moun ekspoze ak yon danje (pa egzanp, zòn ki inonde ak katye ki fè pi cho pase lòt zòn).

Vilnerab nan Domèn Sosyal

gen rapò ak endikasyon sosyal, tankou demografik, ras/gwoup etnik, ak resous finansye.

Climate Change Vulnerability

mezire jis nan ki pwen yon kominate vilnerab devan efè negatif chanjman klimatik pote yo.

Evalyasyon Vilnerabilite devan Chanjman Klimatik
transmét enfòmasyon syantifik ki disponib pou dekri nan ki pwen resous kle yo, ekosistèm yo, oswa lòt aspè afekte akoz chanjman klimatik oswa chanjman klimatik ki gendwa fèt alavni.